

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Cinta mangrupa hal anu nyoko kana sakabéh kahirupan manusa teu wungkul nyoko ka hiji jalma. Manusa salaku mahluk sosial tangtu mikabutuh jalma séjén dina kahirupanana. Éta hal disebutna *simbiosis mutualisme* nu silih untungkeun, ogé salasahiji pihak teu ngarasa dirugikeun. Upama sipat cinta nu kitu, hartina cinta téh dipikabutuh jeung jadi landasan dina kahirupan unggal manusa.

Rasa cinta dina senang atawa susah bakal kapanggih ogé dina karya sastra nu mangrupa karya kreativitas ti pangarang. Ku kituna réa wadah pikeun ngedalkeunana boh langsung (ka manusa deui) boh teu langsung (nulis atawa karya sastra). Cinta raket patalina jeung romantisme dina kasusastraan nu diguar ngaliwatan carita wangun karya sastra.

Percintaan atawa romansa nyaéta génré nu matalikeun rasa dina karya sastra geus teu ahéng deui. Dina jaman kiwari, sastra kawentar di masarakat utamana karya sastra novel, carpon, sajak, jeung réa réa deui. Masarakat nu maca karya sastra miboga udagan nu béda-béda. Nu maca karya sastra réa anu resep jeung teu kapatok ku umur tangtuna.

Unggal generasi nu minat maca dina kasusastraan téh aya ronjatna, hususna generasi Z nu miboga rasa antusias dina maca novel génré romantisme. Waktu ngaaksés kabutuh novel nu dipiharepna téh média anu leuwih babari sabab arinyana hirup jeung hapé, tempat macana ogé dimana waé. Arinyana ilahar sabada maca hiji novel ngarasa hirupna langsung *relate* jeung génré romantisme nu dibacana. (Ninanta, 2022).

Sastraa minangka prosés kreatif taya lian ti ekspresitas pangarang dina ngagelarkeun karyana. Karyana digelarkeun ngaliwatan medium basa, boh lisan, boh tinulis. Éta betusan-betusan rasa anu ahirna jadi sastra téh diwadahan kana wadah anu dianggap merenah ku sastrawan nya éta dina warna prosa, puisi, atawa naskah drama (Isnendes, 2010). Saperti salasahiji pangarang di tatar Sunda nyaéta

Aam Amilia nu ngedalkeun pamikiran kreatifna dina wangun prosa tinulis, réa judul buku nu geus medal, nyaéta *Kasih Sayangmu, Kembang-Kembang Antén, Jangji Asih, Puputon, Kalangkang Japati*, jeung réa réa deui. Sababaraha judul buku nu medal téh aya jejer ngeunaan carita cinta jeung kahirupan sosial nu raket kana kahirupan. Aam Amilia dina ngarang teu saukur nyaritakeun hiji kajadian, tapi nyipta dunia imajiner nu mangaruhan emosi jeung imajinasi pamacana.

Taum nétélakeun yén sastra mangrupa karya cipta atawa fiksi imajinatif ngagunakeun basa nu éndah jeung mangpaat (dina Syahfitri, 2018). Hal ieu luyu jeung pamadegan Isnendes (2010) yén prosa dina wangenan sastra disebut fiksi (*fiction*); teks naratif (*narrative text*), jeung wacana naratif (*narrative discourse*). Hartina dina wangun prosa aya sababaraha warna nu dihartian prosa naratif nyaéta novel. Isnendés (2010) nétélakeun yén novel téh prosa rékaan nu ngawujud lalakon (naratif), wujudna panjang sarta galur caritana ngarancabang (kompleks).

Kompleksitas dina eusi carita novel téh ngajadikeun pangalaman pamaca teu saukur média hiburan, tapi aya wawasan kana kaayaan sosial, budaya, jeung psikologis masarakat. Novel anu eusi carita jeung témana cinta geus ilahar dikarang, tapi tangtu waé dina éta novel-novel téh aya unsur cinta nyaritakeun antar tokoh, romansana, jeung alur caritaan nu béda-béda.

Dina sastra aya aliran sastra klasik diantarana realisme, romantisme, jeung klasik. Aliran-aliran éta aya nu patali jeung ieu panalungtikan nyaéta romantisme, sabab rék ngaguar eusi caritaan dina hiji karya sastra prosa. Karya-karya sastra romantis teu saukur ngeunteung kana kaayaan sosial jeung budaya dina jamanna, tapi ngagambarkeun perjuangan hiji individu dina nyanghareupan realitas nu kompleks. Romantisme nyaéta aliran anu muncul salaku wujud réaksi ka aliran Klasikisme. Klasikisme nekenkeun kasaimbangan, aturan jeung konvénsi dina seni, ngutamakeun akal, objéktivitas, ogé oriéntasi ka budaya nu ngacu kana tatanan sosial jeung pulitik nu dikawasa ku kaum elit, bangsawan jeung agamawan (Panggalo, 2022). Romantisme aliran nu ngalibetkeun rasa atawa emosi nu

diébréhkeun dina wangun karya, tur éta karya nu dihasilkeun bakal mangaruhan pamaca dina tingkat imajinasi nu luhur.

Panalungtikan sastra aliran romantisme miboga prinsip yén karya sastra mangrupa eunteung kahirupan realistik. Ungkara réalitas kahirupan téh maké basa nu éndah, nepi ka pamaca kabawa emosina. Kaéndahan éta jadi inti dina ulikan romantisme (Endraswara, 2013).

Dina nalungtik karya sastra dilaksanakeun ngagunakeun sababaraha pamarekan. Strukturalisme mangrupa hiji pamarekan nu penting dina karya sastra nu miboga sifat otonom, sabab teu bisa dijéntrékeun sacara netep atawa abadi. Anapon, karya sastra miboga ma'na dina papasingan nu satata, sabab nawarkeun sistem nu dikaji bagian per bagianna (Isnendes, spk., 2018). Nurutkeun Ratna (2013) dina strukturalisme tangtu miboga papasingan tiori-tiorina. Pamarekan strukturalisne ngawengku tiori formalisme, strukturalisme dinamik, semiotika, strukturalisme génétik, jeung strukturalisme narratologi. Salasahiji na nyaéta tiori strukturalisme narratologi nu digunakeun pikeun dasarnya.

Narratologi mangrupa tiori ngeunaan teks-teks carita (*narratio*), deskripsi ngeunaan sistim naratif ogé kamungkinan-kamungkinan ngayakeun variasi sistim éta konkrét. Ilaharna ogé ngulik alur, penokohan, aspek ruang jeung waktu, fokusasi, jsb (Hartoko, 1986).

Sacara umum, ulikan naratif nyaéta ulikan narasi boh fiksi atawa fakta dina berita. Ulikan naratif nepikeun téks salaku carita (narasi). Téks dititénan runtuyanna nu disusun hiji-hiji pikeun ngawangun hiji carita (Darajat & Badruzzaman, 2020). Dina fiksi hususna novel, ulikan naratif nyoko kana carita nu ngawangun kronologi kajadian jeung tokoh, tempat, waktu, masalah, jrrd nu aya tujuanna. Salasahiji ahli nu mekarkeun tiori narratologi téh Gérard Genette kabangsaan Prancis nu kawentar salaku ahli teori struktural sastra.

Génette nétélakeun yén aya tilu kategori struktur naratif nyaéta *tense*, *mood*, and *voice*. Dina bukuna, Genette ngabagi unsur *tense* jadi tilu bagian, nyaéta aya *order*, *duration* jeung *frequency* (dina Didipu, 2019). Ku kituna puseur basa dina

struktur naratif ngawengku lima kategori inti, nyaéta: (1) runtusan naratif (*order*), (2) durasi naratif (*duration*), (3) frekuensi naratif (*frequency*), (4) modus naratif (*mood*), (5) sora naratif (*voice*).

Ulikan naratologi raket patalina jeung karya novel. Hal ieu teu ahéng, sabab wangun dina novel aya narasi jeung dialogna. Dina wangun narasi, novel ilaharna nyaritakeun alur kajadian tokoh ngaliwatan hiji kalimah nu ngaruntut dina hiji paragraf. Ulikan naratologi didieu nyoko kana lima kategori inti nu ngawengku *order*, *duration*, *frequency*, *mood*, jeung *voice* diguar boh narasi atawa karakter nu aya patalina unsur romantisme dina karya sastra. Tilu komponén romantisme *intimacy*, *passion*, jeung *commitment* cinta nu silih pakait antar éleménna, nurutkeun Robert J. Sternberg éta inti dina élemén-élemén romantisme. Dina ieu panalungtikan diguar unsur romantisme cinta ku ulikan struktur naratif dina novel *Kalangkang Japati* karya Aam Amilia.

Ieu panalungtikan pikeun ngajembaran kumaha runtusan narasi nu nyoko kana urutan (*order*), durasi (*duration*), frekuensi (*frequency*), modus (*mood*), jeung sora (*voice*) kana runtusan kajadian tokoh utama. Tokoh utama nu baluweng dina nangtukeun jodo keur maturan rumah tangga na ogé pasualan jeung tokoh-tokoh nu séjén dina matotoskeun pasualan lalakon hirupna. Aspék romantis dina pamarekan Robert J. Sternberg (1986, kc. 119) disebutkeun ayana kaintiman (*intimacy*), napsu (*passion*), jeung komitmen (*commitment*).

Aya sababaraha panalungtikan saméméhna anu aya patalina jeung romantisme di antarana waé: (1) “Aspék Romantis dina Novel *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* Karya MH. Rustandi Kartakusuma (Ulikan Psikologi Sastra) ku Anisa Julianingrum taun 2023 ngaguar romantis cinta Ir. Tatang Danudireja jeung Anah dina kahirupan rumah tangga; (2) “Rumpaka Mamaos Karya Tatang Setiadi: Ulikan Struktural jeung Romantisme” ku Wardah Ramdaningsih taun 2023 ngaguar romantisme nurutkeun Aoh K. Hadimadja kapaluruh hasilna mélankolis, primitivisme, séntiméntalisme, individualisme, jeung eksotisme; (3) “Novelét *Carita Anu Duaan* Karya Abdullah Mustappa (Ulikan Struktural jeung Romantisme

Sastra)" ku Ari Rizki Fadillah taun 2024 ngaguar tilu aspek romantisme nurutkeun Robert J.Sternberg; (4) "Romantisme Muh. Rustandi Kusuma dalam Karya Sastra Sunda" ku Retty Isnendes jeung Anisa Julianingrum taun 2023 ngaguar tilu aspek romantisme kaasup jinis cinta lir candu, cinta lir kayakinan, jeung cinta téh perjuangan; (5) "Entitas Cinta pada Lirik Lagu dalam Album *Untuk Dunia, Cinta, dan Kotornya* Karya Nadin Amizah (Kajian Psikologi Sastra)" ku Kettrin Amelia jeung Ariesman Setyarum ti Universitas Pekalongan taun 2024 ngaguar entitas cinta tiori Robert J.Sternberg nu objékna sababaraha lirik lagu dina album karya Nadin Amizah. Bébédana

Bébédaan panalungtikan saméméhna jeung ieu panalungtikan nyaéta dina objék nu ditalungtikna, sedengkeun sasaruanana nyaéta ngagunakeun ulikan romantisme. Sababaraha panalungtik saacanna ngagunakeun objék nu béda-béda.

Tujuan diayakeunna ieu panalungtikan pikeun maluruh struktur naratif jeung aspek romantik nu aya dina Novel *Kalangkang Japati* karya Aam Amilia, dipiharep karya sastra Sunda hususna novel téh leuwih dipikawanoh tur dipikaresep deui ku jalma réa di jaman kiwari jeung ulikan naratologi leuwih mekar dina nalungtik karya-karya sastra nu aya di Sunda hususna novel.

Pikeun ngajembaran panalungtikan karya sastra, ieu panalungtikan didumasaran kana naratologi Gérard Genette jeung romantisme Robert J. Sternberg, diayakeun panalungtikan anu objékna novel *Kalangkang Japati* karya Aam Amilia. Ku kituna, ieu panalungtikan judulna "Novel *Kalangkang Japati* Karya Aam Amilia (Ulikan Naratologi jeung Romantisme)" dianggap penting dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan miboga watesan dina ngaguar masalahna. Sangkan henteu méngpar tina udagan mimiti. Dumasar kana watesan masalah tadi, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu.

- 1) Kumaha struktur naratologi carita nu aya dina Novel *Kalangkang Japati* karya Aam Amilia?
- 2) Kumaha unsur romantisme nu kapaluruh dina Novel *Kalangkang Japati* karya Aam Amilia?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umumna nyaéta pikeun ngaguar struktur naratologi jeung tilu komponen romantisme kaintiman, napsu, jeung komitmen dina novel *Kalangkang Japati* karya Aam Amilia.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga udagan anu ngadéskripsikeun:

- 1) struktur naratologi carita anu aya dina Novel *Kalangkang Japati* karya Aam Amilia;
- 2) unsur romantisme anu kapaluruh dina Novel *Kalangkang Japati* karya Aam Amilia.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, panalungtik miharep ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun jadi référensi jeung dokumentasi ilmiah keur mahasiswa dina karya sastra Sunda. Hasil tina panalungtikan ieu bahan informasi pikeun ngajembaran deui ulikan naratologi kahareupna.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat pikeun sababaraha pihak, nyaéta:

- 1) pikeun panalungtik, miboga pangalaman jeung pangaweruh dina méré informasi ngeunaan unsur romantisme nu kapaluruh dina karya sastra hususna

- novel *Kalangkang Japati* karya Aam Amilia;
- 2) pikeun masarakat, dipiharep ieu panalungtikan téh nambahán élmu pangaweruh sarta numuwuhkeun karesep maca kana karya sastra Sunda;
 - 3) pikeun mahasiswa, dipiharep ieu panalungtikan bisa dijadikeun rujukan pustaka pikeun panalungtikan anu sarua.

1.5 Ambahan Panalungtikan

Ambahan panalungtikan dijieun pikeun jadi panalungtikan kalawan sistematis dina wangun skripsi. Ieu skripsi téh disarungsum jadi lima bab anu diwincik saperti ieu di handap.

BAB I Bubuka, ngawengku kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan (tujuan umum jeung husus), mangpaat panalungtikan (mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis), jeung rohang lingkup panalungtikan.

BAB II Tilikan Pustaka, Panalungtikan Saméméhna, jeung Raraga Mikir, eusina nyaéta ulikan tiori, panalungtikan saméméhna, jeung raraga téori. Dina medar ulikan téori tangtu nu patali jeung panalungtikan, téori nu dipedar dina ieu panalungtikan nyaéta ngeunaan naratologi jeung romantisme dina karya sastra hususna novel.

BAB III Métode Panalungtikan, dina ieu bab medar ngeunaan désain panalungtikan, sumber data panalungtikan, prosedur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan jeung téhnik ngolah data.

BAB IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina ngajelaskeun ngeunaan struktur naratologi jeung romantisme nu kapendak dina novel *Kalangkang Japati* karya Aam Amilia.

BAB V Kacindekan jeung Saran, dina ieu bab eusina nyaéta kacindekan tina panalungtikan nu réngsé dilaksanakeun, implikasi jeung rékoméndasi.